

PANGAJARAN LUTUNG KASARUNG

A. MACA

Tujuan:

12. Siswa mampu mengapresiasi berbagai bentuk, isi, dan jenis karya sastra serta mendikusikannya.

1. Maca Carita Pantun

LUTUNG KASARUNG

Rajah Pamuka

*Nyukcruk catur juru pantun
ngaguar carita buhun
nu diteundeun urang sampeur
nu ditunda urang ala
masing rambay caritana
hejo Iembok lalakonna.
Ahung*

*Pun sapun ka Mahaagung
ka maggung neda papayung
kuring rdk diajar ngidung
nya ngidung carita pantun
ngajujut carita buhun
ngahudang carita lana*

*Da puguh da kuring catur
ngebat papatan carita
molongpong jalan sorangeun
ti mendi pipasinieun
ti mana picaritaeun
tetep mah ti Kahyangan*

Kacarioskeun di nagara Pasirbatang, Prabu Tapa Ageung ti praméswari Nitisuari kagungan putri tujuh. Nu *cikal* jenenganna Purbalarang, nu *kadua* Purbaéndah, *katilu* Purbadéwata, *kaopat* Purbakancana, *kalima* Purbamanik, *kagenep* Purbaleuwih, sareng anu *katujuh* bungsu Purbasari.

Prabu Tapa Ageung, ngalungsurkeun tahta karajaan ka salasawios putrina. Tahta karajaan dilungsurkeunna ka putri bungsu, margi tawis-tawis kara- tuan aya di Purbasari.

Papantunan (Papatét)

*Poé ieu danget ieu
kami eudeuk ngajenengkeun
Purbasari ngadeg aji
heuyeuk Dayeuh Pasirbatang
mun timbalan katarima
seja umpan piwarangan
serah raga kawayahna
pamit baris andum dawuh*

Ieu hal kadangueun sareng karaos ku Purbalarang. Kanggo ngarebut nagara, Purbalarang enggal ngagunakeun akal jahatna. Purbasari ku anjeunna disaur lajeng diboborehan nganggo kelor nahun, dugi ka nutupan kageulisanana. Malih sanes éta wungkul, Purbasari téh lajeng dipuragakeun ka Gunung Cupu Mandala Ayu dijajapkeun ku Léngsér. Purbasari ku Léngsér dilinggihkeun dina palupuh sabebek hateup saung sajajalon.

Pijalaneun Purbasari ngaheuyeuk Dayeuh Pasirbatang dikait ku *sir* Prabu nu hoyong tuang daging lutung. Léngsér ku Prabu dipiwarang mentes Aki panyumpit ngalasan lutung saenggalna.

Aki Panyumpit tumut kana piwarangan, harita keneh angkat bubujeng, margi sieun ku hukum "teukteuk beuheung telas adegan".

Kacarios di Kahyangan Guru Minda putra cikal Dewata titisan Guru Hyang Tunggal ngabujangga di paradewata. Guru Minda ngimpen tepang sareng bebene nu mirip sareng Sunan Ambu. Ku Sunan Ambu piwarang dipilari di buana pancatengah, nanging kedah nyamarjanten lutung. Guru Minda lajeng nyamar, cindutrung dina tangkal peundeuy di leuweung liliwatan Aki Panyumpit mulang.

Aki Panyumpit ngaraos heran. Harita anyar pinanggih leuweung towong, tong bujeng aya lutung, sireum ge teu aya hiji-hiji acan. Aki Panyumpit humanduar ngemutan pinasibeun. Waktu ngagayuh ka burit, Aki Payumpit ngeureuyeuh mulih, kareret aya lutung ngzjuringkang. Éta lutung ku Aki Panyumpit enggal disumpit, nanging paserna ditakisan ku lutung. Lutung ménta ulah dipateni, mending ogé diangken anak, sareng hoyong diajak nyaba ka nagara. Aki Penyumpit raos asa kawenehan, margi aya lutung bisa ngomong. Lutung ku Aki Panyumpit enggal dicandak ka bumina.

Enggalna carios lutung parantos dihaturkeun ka nagara ku Aki Panyum-pit. Di karajaan lutung leupas teu kenging ku pangbeledig. Pangaruh tina terusing ratu rembesing kusumah diri lutung, raja dadak sakala ilang *selera* nuang daging lutung. Anjeunna surti enggal miwarang Léngsér supados natawiskeun éta lutung ka putri anu genep, sanaos anjeunna parantos tiasa napsirkeun pangasihna baris ditampik.

Léngsér nyandak lutung ka Pancapangeuyeukan paninunan. Munggaran lutung téh disanggakeun ka Purbalarang. Ku Purbalarang ditampik lajeng ditawiskeun ka rayi-rayina. Rayi-rayina ogé kitu teu kaleresaun. Léngsér sieun katarosan ku Prabu. Ahirna Purbalarang disedekkeun, kersa teu kersa kedah nampi pangasih rama. Sanaos kapaksa Purbalarang nampi, nanging kanggo dijantenkeun bujang.

Di padaleman lutung ngajengkelkeun para putri nu genep, utamina Purbalarang nu toropong kameumeutna dibebekkeun ku lutung. Lutung ogé cunihin wani nyumputkeun anggoan putri nu nuju sariram. Ku Purbalarang ka Léngsér éta lutung téh piwarang dika-Purbasari-keun.

Purbasari bingaheun, margi anggapanana sanaos Purbalarang telenges masih aya keneh kanyaahna, sok sanaos ukur masihan lutung. Lutung enggalna dibaéukeun, ditampi ku Purbasari. Léngsér mulih deui ka nagara.

Lutung ngenes ningali kaayaan Purbasari. Wengi harita ogé enggal nyirep Purbasari supados kulem tibra sareng lami. Lutung angkat ka Kahyangan nguningakeun kaayaan Purbasari ka Sunan Ambu. Lutung ku Sunan Ambu teu kenging rejag manah, sanes kantenna badé dibantos. Lutung turun deui ka buana pancatengah. Ku bantosan ti Kahyangan, panglinggihan Purbasari dirobih janten babakan anyar nu agreng langkung- langkung ti nagara.

Purbasari dipulihkeun deui kageulisanana sareng dipisalin ku anggean nu sarwa endah ti Kahyangan.

Purbalarang *ngembang wera* waktos ningali babakan marakkak di Gunung Cupu. Purbasari lajeng dipentes torta gawé marak Baranangsiang Leuwi Sipatahunan. Éta leuwi kedah saat dina waktos sadinten sawengi. Upami teu saat bakal ditelas adegan sareng lutung-lutungna. Lutung nitah Purbasari nyoggeman piwarangan Purbalarang.

Baranangsiang Leuwi Sipatahunan dipidamelku nu ti Kahyangan dugika saatna. Nu ti nagara lungsur badé paseueur-seueur ngala lauk dikokolotan ku Léngsér dikeprak ku Indrajaya. Purbasari ku lutung piwarang lungsur mulungan laukna,

namung teu wantuneun ka leuwi, iwargi sieuneun ku raka-rakana. Purbasari mencal di girang mulungan hurang di sisi. Lutung mah ku Purbasari dipiwarang tunggu bumi.

Sabada Purbasari angkat. Lutung ngudar hahalangna ngahaja lungsur ka pamarakan, kanggo ngadoja para putri anu nuju marulungan lauk. Guru Minda hanjat ti hirit ieuwi pamarakan bari nyandak kalo kancana nu dieusi lauk sasaki, nu kenging ngatur urang Kahyangan. Guru Minda ngalangkung ka payuneun putri anu genep, sadayana teu aya nu teu kapincut ku kakasepanana. Paraputri sadayana nararos, Guru Minda ngangken jenengan Guriang ti Kawungluwuk. Ku para putri ditalengteng maksad, anjeunna ngawaler piwarang nyanggakeun kalo kancana ka indang Guriang. Guru Minda teras ngabujeng ka Purbasari, nu aya di girang. Kalo kancana disanggakeun ka Purbasari. Sabada pangasihna ditampi ku Purbasari, anjeunna mulih deui kanggo gentos anggoan ku baju lutung. Kalo kancana nu aya di Purbasari dirarebut ku raka-rakana, kajabi Purbaleuwih nu teu ngiringan téh.

Purbalarang nu keukeuh hoyong ngabinasakeun Purbasari, ngayakeun rupi-rupi cara pikeun.ngalana. Purbasari diajak tatandingan nyacar leuweung pihumaeun, papinuhpinuh leuit, paraos-raos pasakan, paseueur-seueur sinjang, papanjang-paniang kasang, pageulis-geulis, papanjang-panjang rambut, sareng paruum-ruum boboreh. Sadayana ogé sabada diputuskeun ku jaksa nagara, Purbasari langkung unggul. Pamustungan Purbalarang tina nyeepkeun kapanasaran ngajak pakasep-kasep beubeureuh, pedah dirina kagungan angkeuhan nu kasep Indrajaya, ari Purbasari mah ukur kagungan lutung.

Waktos giliran Purbasari dihaturan, lutung ngabecir ka luar ti alun-alun. Ku nu lalajo disarurakan, pajar teu wanieun ngalawan. Di luar alun-alun lutung ngagibegkeun salirana, porosot raksukanana, janggelek janten Guru Minda nu kakasepanana teu aya tanding, angeanana singsarwa hurung didang- dosan ku paradewata ti Kahyangan. Raksukan tilas nyamarna janten Ki Bagus Lembuhalang. Tutup salopa wadah raksukan janten Kidang Pananjung, sa- lopana robih janten Gelap Nyawang.

Sadaya pating rarenjag *mata simeuteun* ningali nu kasep diiringkeun ku nu garandang, mancat ka papanggungan ngagedéng Purbasari. Purbalarang enggal nyuuuh ka Purbasari, wireh anjeunna ngaraos kawon. Anjeunna mérédih hoyong dihirupan sareng kersa dijantenkeun tukang maraban sato. Raka-raka nu sanesna ogé nya kitu. Ahirna raka-rakana téh ku Purbasari dihukum luyu sareng kahoyongna, hoyong ngurus ingon-ingon. Kajabi Purbaleuwih anu asih ka anjeunna. Éta mah dinikahkeun ka papatih Lembuha- lang. Upami Indrajaya mah dihukum janten tukang ngarit.

Nagara Pasirbatang, dina lebet kakawasaan Purbasari beurat beunghar. Nagara Pasirbatang dirobih namina janten nagara **Pakuan**.

Rajah Pamunah

*Pun sapun ka sang rumuhun
pun sapun ka Mahaagung
paralun ka para karuhun
nu bihari mangka widi
ka bujangga hampurana
bisi gantar kakaitan
bisi tali ruruhitian
nempuh rucuk nyorang cugak
pangnyyinglarkeun
pangmusnahkeun
lastari anu dipambrih
cag tepi ka dieu*

(Diringkes tina *Carita Pantun Lutung Kasarung* karya **Argasasmita**, 1977, Dipindo citak ku Jurusan Bahasa dan Sastra Sunda FKSS IKIP Bandung. Rajah jeung Papan tunan dipetik tina kaset *Dalam Rangkaian Lagu-Lagu Tembang Sunda Lutung Kasarung*)

Keterangan:

- boboreh = paparem atawa balur seungit
- diboborehan = dipapareman
- dipuragakeun = disusahkeun
- puraga = pagawéan
- dipuragaan = meunang cocoba, gering atawa meunang kasusah
- sir (Arab) = 1) rasa hayang 2) kabita 3) di jero
- puji sir = hate muji di jero hate
- ngalasan = 1) ngundeur 2) moro ka leuweung
- bebene = awéwé kabogoh lalaki
- taropong = ngaran sarupa alat ninun paranti ngasupkeun pakan
- pakan = 1) kantéh nu ditaropongan, sarta nu di anyam- keun jeung lusi, 2) parab
- baéu = hiap (kecap kantétan) hiap (kecap kantétan)
- rejag = risi atawa salempang
- kalo kancana = ayakan emas
- guriang = bangsa letembut (dina carita pantun), anu sakti
- indang = endang, sesebutan ka wanita ahli tapa baheula
- ruum = seungit
- beubeureuh = kabogoh, papacangan, pisalakieun
- salopa = ngaran sarupaning kantong/berenuk
- mata simeuteun = kekecapan kana ngarasa heran teu ngiceup-ngiceup
- ngembang wera = kekecapan kana beureum beungeut lantaran ambek

a. Rajah

Rajah nya éta sarupa mantra, jampe atawa jangjawukan anu dipaké pikeun nalukkeun siluman-sileman, ngaruat, jeung sabangsana. Rajah digunakeun lain dina pantun wungkul, tapi dina upacara adat, saperti upacara adat kawinan Sunda.

Dina carita pantun aya *rajah pamuka* jeung *rajah panutup* (*pamunah*). Rajah pamuka ku juru pantun dihaleuangkeunna bari dikacapian samemeh ngaguar carita. Ari eusina mangrupa sanduk-sanduk atawa sasadu ka karuhun, ka nu rék dilalakonkeun, neneda ka Nu Kawasa, amit-amit ka nu daremit pedah rék mantun téa "Nyukcruk galur nu ka pung kur ngaguar carita buhun". Éta taya lian tujuanna mah sangkan saralamet, boh nu mantun, boh nu ngabandungan. Kitu deui nu dilalakonkeun, da *ceuk anggapanha* mah nu dilalakonkeun téh araya di alam kalanggengan.

Rajah pamuka tara salilana sarua. leu téh gumantung ka juru pantunna jeung ka tempat karuhun atawa paralelembut nu ngageugeuh éta daerah, kaasup nu rék dilalakonkeun. Conto rajah di luhur mah sanduk-sanduk juru pantun téh ditujukeun ka Nu Mahaagung, ménta dihampura, ménta ditangtayungan.

Rajah pamuka dina *pada kahiji*, juru pantun rék ngalalakonkeun carita buhun baringeuyeuban nu kurangna sangkan rame. Ari eusi *padakadua*, juru pantun ménta dihampura, sanduk-sanduk, sasadu heula ka Nu Mahaagung. Juru pantun ménta ditangtayungan nalika mantun. Ana *pada katili*, nyaritakeun, najan enya juru pantun anu mantunna, tapi ari sumber carita atawa lalakon mah tetep ti Kahyangan.

Sabada lalakon tamat, aya deui rajah nu disebut rajah panutup (*pamunah*), nya éta jampe pikeun ngamusnahkeun pangaruh wisaya (pangaruh nu matak nyilakakeun).

Dina rajah pamunah di luhur, juru pantun ménta dihampura ka para karuhun, ka Nu Mahaagung, ka bujangga (pangarang éta carita). Inyana ménta dihampura bisi aya kasalahan, ménta dipangbebaskeun tina kasalahan salila mantun téa "lastari anu dipambrih" kitu basana ge.

Kiware mah rajah téh, boh rajah pamuka, boh rajah pamunah, geus diarahkeun kana hal-hal anu patali jeung *kataohidan ka Alloh swt.*

b. Papantunan

Papantunan nya éta rupa-rupa lagu tina carita pantun, saperti *Papatdt, Mupu Kembang, Lalaryan*, jst. **Papantunan** kecap asalna tina *pantun*. Pantun hartina 1) *kacapi* (ngaran sarupa tatabeuhan nu sok dijentreng-jentreng, bangunna siga parahu), 2) *puisi* (ngaran sarupa basa dangdingan) nu tungtung jajaranana diwangan ku kecap-kecap nu murwakanti.

Cara nembangkeun/ngawihkeun guguritan pantun rupa-rupa. Nembangna bari diselang-selang dijentrengan kacapi, ti mimiti rajah pamuka, mangkat carita, nataan karajaan, nataan nu boga lalakon, ngalalakon nepi ka dipungkasna ku rajah pamunah. Nu dilalakonkeunana angger dongéng atawa carita jaman karajaan Sunda.

Eusi papantunan lagu papatet di luhur nyaritakeun Purbasari dijenengkeun ratu di Pasirbatang. Nu ngajenengkeunna sakantenan pamit.

c. Pagelaran pantun

Pagelaran pantun dina *MASARAKAT TRADISIONAL* ngawéngku 1) sasajen, 2) du'a, 3) rajah pamuka, 4) pagelaran, jeung 5) rajah pamunah. Sasajdn *dahareun* saperti congcot jeung bakakak; sasajdn *inumeun* saperti rurujakan; *sasajdn seuseungitan* saperti rupa-rupa kembang jeung menyan, sarta seupaheun jeung ududeun.

Du'a diucapkeun pikeun meunang keun kasalematan. *Rajah* eusina ménta idin jeung meota panangtayungan tina pancabaya, atawa ménta hampura (*maaf*). Rajah pamuka digunakeun dina mimiti mantun. Ari rajah pamunah dina nutup carita pantun.

Pagelaran pantun ngawéngku unsur: 1) **rajah pamuka**, 2) **narasi(penceritaan)**, 3) **deskripsi (pelukisan)**, 4) **dialog (g uneman)**, 5) **monolog**, 6) **panyelang, jeung 7) rajah panutup**.

Panyelang téh nunda hiji adegan pindah ka adegan séjén. Ari nu diucap- keunana biasana "*teundeun di handeulum sieun tunda di hanjuang siang paranti nyokot ninggalkeun*".

d. Struktur pantun

Struktur carita pantun, 1) **papisah**, 2) parobahan, jeung 3) ngahiji. Nu- mutkeun teori **Joseph Compbell** carita nu ngalalakonkeun pahlawan budaya boga struktur carita 1) **papisah**, 2) **ujian**, jeung 3) **balik deui**. Ceuk Frazaer jeung ceuk **Bock** struktur pantun téh 1) **papisah**, 2) **parobahan**, jeung 3) ngahiji. Tilu teori bieu ngan istilah wungkul nu bAda téh, maksudna mah sarua. Struktur nu kahiji sarua istilahna pipisahan. Arinu kadua boh parobahan, boh **ujian** maksudna sarua pindah kaayaan nu mangrupa ujian. Nyoba atawa nguji palaku. Sanggeus bebas tina cocoba/ujian, ahirna balik deui ka asal pikeun ngahiji, henteu papisah deui.

Jawab ieu soal ku cara nyakra aksara panuduh jawaban!

1. Rajah pamuka sok digunakan dina... carita pantun
 - A. awal
 - B. tengah
 - C. ahir
 - D. panyelang
2. "Teundeun di handeulum sieun tunda di hanjuang siang paranti nyokot ninggalkeun". Kalimah model kitu dina carita pantun disebut

- A. papantunan
 - B. panyelang
 - C. rajah pamunah
 - D. narasi
3. Struktur carita pantun ceuk Joseph Compbell
- A. papisah, cocoba, ngahiji
 - C. papisah, ujian, ngahiji
 - B. papisah, ujian, balik deui
 - D. papisah, cocoba, ngahiji

Jawab ieu soal!

4. Unsur 1) **rajah pamuka**, 2) **narasi** (penceritaan), 3) deskripsi (pelu- kisan), 4) **dialog** (guneman), 5) monolog, 6) panyelang, jeung 7) rajah **panutup** kaasup unsur... pantun
5. Najan dikakaya, dikaniaya, dihina, diwiwirang, ari ditarima ku kasabaran mah geuning ahirna pinanggih jeung kabagjaan. Nasib nu model kitu tumiba ka palaku putri nagara Pasirbatang nu jenengan... dina carita pantun *Lutung Kasarung*.

Pangjembar

Sawalakeun unsur-unsur jeung hal nu has nu aya dina carita pantun!

2. Maca Guguritan

GURISA

*Ku naon teu ti baheula
diajar ngalagu Sunda
kawih repjeung cianjur
durirang hahaleuang
najan bari seuseut seuat
latihan rdk dileukeunan
ngan ampun ldtah hareuras
jeung ddas gancang pohoan.*

Guru wilangan jeung guru lagu Gurisa: 8a, 8a, 8a, 8a, 8a, 8a, 8a, 8a. Watek Gurisa: lulucon, tamba kesel, pangangguran, kaduhung, hanjakal.

WIRANGRONG

*Hayang ngajerit singtarik
wirang ku pupuh Wirangrong
na bet jadi poho kitu
les leungit tina ingétan
mangkaning keur pasanggiri
Wirangrong mawa wiwirang.*

Guru wilangan jeung guru lagu Wirangrong: 8i, 8o, 8u, 8a, 8i, 8a. Watek Wirangrong: wirang, era, apes.

MAGATRU

*Lagu pupuh ulikan para luluhur
jumlahna nyangreud tos lami
tujuh belas henteu langkung
na iraha badé nambih
model lagu Michael Jackson.*

Guru wilangan jeung guru lagu Magatru: 12u, 8i, 8u, 8i, 8o. Watek Magatru: nyelang carita, lulucon ngeusi, prihatin.

JURUDEMUNG

*Seni Sunda perlu bisa
kaduhung henteu dipaju
ditungtut kiwari
rék ampun ampun kumaha
sok komo mund,ur mo junun.*

Guru wilangan jeung guru lagu Jurudemung: 8a, 8u, 8i, 8a, 8a. Watek Jurudemung: kaduhung, hanjakal.

Jawab ieu soal ku cara nyakra aksara panuduh jawaban!

1. *Ku naon teu ti baheula
diajar ngalagu Sunda
kawih reujeung cianjur'an
durirang hahaleuangan
najan bari seuseut seuat
latihan rék dileukeunan
ngan ampun ltdah hareuras
jeung bdas gancang pohoan.*

Téma guguritan di luhur

- A. hayang bisa lagu Sunda
- B. wirang teu bisa tembang
- C. pupuh teu nambahán
- D. kaduhung teu diajar tembang

2. *Hayang ngajerit singtarik
wirang ku pupuh Wirangrong
na bet jadi poho kitu
les leungit tina ingétan
mangkaning keur pasanggiri
Wirangrong mawa wiwirang.*

Watek guguritan bieu

- A. lulucon ngeusi, prihatin
- B. wirang, era, apes.
- C. kaduhung, hanjakal
- D. pangangguran, lulucon

3. *Lagu pupuh ulikan para
luluhur jumlahna nyangreud tos lami
tujuh belas henteu langkung
na iraha badé nambih
model lagu Michael Jackson.*

Watek guguritan bieu

- A. wirang, era, apes.
- B. lulucon ngeusi, prihatin
- C. pangangguran, lulucon
- D. kaduhung, hanjakal

Jawab ieu soal!

- 4. Ngagambarkeun watek kumaha baé pupuh Jurudemung?
- 5. Upama urang rék ngagambarkeun lulucon itung-itung tamba kesi atawa rék ngagambarkeun rasa kaduhung, urang kudu ngagi nakeun guguritan pupuh....

Pangjembar

Sawalakeun guru wilangan jeung guru lagu opat pupuh di luhur!

B. NULIS

1. *Rarangkén Barung ka-an jeung pa-an*

Tujuan:

- 4. Siswa mampu memahami dan menggunakan jeniskata (warna kecap) dalam kalimat.

a. Rarangkén barung *ka-an*

Dina wacana di luhur aya kalimah:

- Prabu Tapa Ageung, ngalungsurkeun tahta **karajaan** ka salasawic putrina.

Kecap karajaan kecap asalna *raja* maké rarangkén hareup *ka-* jeun rarangkén tukang *-an*, anu dipakéna ditarungkeun, dibarengkeun.

Rarangkén barung (**konfiks**) *ka-an* séjénna saperti dina kalimah ieu di handap.

- **Kaendahan** babakan anyar matak ngahelokkeun Purbalarang.
- Purbalarang ngajak tanding **kageulisan** ka Purbasari.

Jadi, rarangkén ka-jeung rarangkén -antéh barung datangna kana kecap nu dirarangkénan. Henteu *ka-* heula (kaendah) atawa *-an* heula (endahan), tapi *ka-an* téh barung napel kana kecap nu dirarangkénan, nya ngawangun kecap anyar *kadndahan*, *kageulisan*. Conta kecap anyar shjenna saperti *kaulinan*, *kagindingan* jeung *katingtriman*.

b. Rarangkén barung *pa-an*

Dina wacana di luhur aya kaiimah.

- Léngsér nyandak Lutung ka Pancapangeuyeukan **paninunan**.

Kecap paninunan ngandung rarangkén pa-jeung *-an*. Rarangkén *pa-* teu bisa napel kana kecap *ninun* lamun henteu dibarung ku rarangkén *-an*. Ku sabab kitu, rarangkén *pa-an* disebut rarangkén barung.

Rarangkén barung téh ngawéngku:

- 1) pang – keun** (pangajarkeun)
- 2) pang – na** (panggeulisna)
- 3) pi – an** (pileuveungan)
- 4) pi – eun** (pipantuneun)
- 5) pika-** (pikadeudeuh)
- 6) pika – eun** (pikagumbiraeun)
- 7) sa – eun** (saurangeun)
- 8) ting – ar-** (tingarengklak)
- 9) ka – an** (kakasepan), jeung
- 10) pa – an** (pamiceunan).

2. Babasan jeung Paribasa

Tujuan:

6. Siswa mampu memahami dan menggunakan ungkapan kata.
- a. Babasan

Dina wacana di!uhur dicaritakeun yen Purbalarang embung kaelehkeu ku Purbasari. Éta téh keuna kana babasan *embung kakalangkangan* (*embun kaelehkeun*). *Babasan* t.eh ucapan nu matok nu dipaké dina harti injeuman

Conto:

- Purbalarang henteu unggut kalinduan gedag kaanginan.
Hartina = pageuh nyekel tangtungan atawa pamadegan.
- Purbalarang emhung kakalangkangan ku Purbasari.
= embung kaelehkeun.
- Keuna ku 'aen manehna téh.
= meunang cocoha lantaran loba teuing nu muji, sarta tara sukura ka Alloh (tara nyebut alhamdulillah).
- Henteu piraku, dina jaman globalisasi masih aya keneh nu teu nyaho di alip bingkeng, teu bisa maca aksara Arab kalayan bener.
= buta hurup.
- Adi jeung lanceuk adatna teu sarua abong misah badan misah nyawa
= teu sarua boh lahir, boh batin.
- Leuwih hadé urang kampung nu teu ngampung, nu bise ka bala bisa ka bale batan urang kota anu ngampung.
= bisa gawé kasar jeung gawé lemes.
- Sakuru-kuruna lembu, saregeng-regengna banteng moal sarua jeung rahayat leutik.

- = hartina sateubogana nu jeneng luhur atawa urut nu beunghar.
- Manehna bisa dipercaya indung suku ge moal dibejaan
= niat paqeuh nyekel rusiah., haraya nu landes ge moal diber nyaho.
- Mugi teu janten rengat galih ka abdi, abdi mah teu mais teu meuleum.
= teu pipilueun kana urusan nu jadi carita, malah teu nyaho-nyaho acan.
- Caritaan gambaran tina eusi hate, nu matak nyarita kudu hadé, ulah dapon engab, ulah biwir nyiru rombengeun.
= sagala dicaritakeun.

b. Paribasa

Sanajan aya paribasa *suluh besem ogé ari diasur-asur mah hurung* (hartina *jalma nu sabar ogé ari dihina-hina teuing mah pasti ngambek*), tapi sipat Purbasari mah teu kitu. Purbasari lautan hampura, henteu telenges, henteu kaniaya ka Purbalarang nu nganiaya manehna. Kawas nu nyonto kana sikep Kangjeng Nabi Muhammad saw, sakitu badé ditandasa sababara kali ku nu ngodag dina kuda, angger anjeunna ngahampunten ka éta jalma. Ahima, nu badé nandasa anut, lantaran kataji ku kajembaran manah Kangjeng Nabi Muhammad saw.

Conto:

- Anjeunna mah teu unggut kaiinduan gedag kaanginan.
= pageuh nyekel tangtungan atawa pamadegan.
- Sangkan caritaan aya pulunganeunna, ulah model lodong kosong ngelentrung, eusi caritaan téh kudu aya mangpaatna pikeun kahirupan.
= jelema bodo nu loba omong tanpa eusi, boga laga nurutan nu pinter. – Ari barang gawé kajeun kendor asal ngagmbol. kajeun kendor asal salamet sarta hasilna nyugemakéun.
- Batan nu alus rupa, tapi adigung mending nu goreng rupa, tapi pinter jeung bageur, keuna kana paribasa batok bulu eusi madu.
= goreng rupa, tapi pinter jeung bageur.
- Kangararan nипу mah ka saha ge teu meunang, komo ka nu pinter sarua jeung ngajual jarum ka tukang gendong, atuh kanyahoan manten.
= niat nипу ka anu pinter.
- Nasib manehna pikarunyaeun, keuna kana paribasa nu asih dipulang sengit, nu haat diputang moha
= nu nyieun kahadéan dibales ku kagorengan.
- Ka saha baé ogé kalakuan téh ulah pelengkung bekas nyalahán.
= mimitina alus, tapi saterusna goreng kalakuan.
- Sikep jalma iman moal ngijing sila bengkok sembah ka dunungan nu jujur.
= teu satia ka dunungan.
- Pamingpin mah kudu jadi tuladeun rahayat, da rahayat mah keuna kana paribasa cai di hilir mah kumaha ti girangna
= rahayat leutik sok nyonto kalakuan nu mingpinna.

- Dayus téh ngantep batur migawé goréng, ulah meungpeun carang ku ayakan.
= api-api teu nyaho (teu nenjo), ngantep jalma nu ngalampahkeun pagawéan nu dilarang.

Jawab ieu soal ku cara nyakra aksara panuduh jawaban!

1. *Purbalarang ngajak tanding kageulisan ka Purbasari.*
Kecap nu ngandung rarangkén barung dina kalimah di luhur
A. ngajak
B. tanding
C. Purbalarang
D. kageulisan
2. *Lengsdr nyandak Lutung ka Pancapangeuyeukan paninunan.*
Kalimah bieu ngandung rarangkén barung nya éta
A. nyandak
B. Pancapangeuyeukan
C. paninunan
D. ka
3. *Anjeunna mah teu unggut kalinduan gedag kaanginan.*
Harti paribasa di luhur hartina
A. asa pangalusna, nganggap batur goreng
B. pageuh nyekel tangtungan atawa pamadegan
C. mophohokeun kana kasalahan batur, nginget-ningget kahadéanana
D. neangan kasalahan batur, nutupan kasalahan sorangan

Jawab ieu soal!

4. *Pangajardeun, panggeulisna, pileuveungan, pipantuneun, pikadeudeuh, pikagumbiraeun, saurangeun, tingardngklak, kakasd pan, pamiceunan.*
Jumlah rarangkén barung nu aya dina gundukan kecap di luhur aya ... kecap.
5. Purbalarang *embung kakalangkangan* ku Purbasari. Babasan di luhur hartina....
3. *Iklan, Wanda Kalimah Langsung, Kalimah henteu L.langsung, Kalimah Sampurna jeung henteu Sampuna*

Tujuan:

7. Siswa mampu memahami dan menggunakan tipe kalimat (*wanda kalimah*) dengan kaidah yang benar.
 - a. **iklan**
Pardu kasambut sunat kalampah

Peryogi Basa Sunda SLTP, sakantenan peryogi Satpel
Program Taunan Cawu Renpel, LKS
Malih Panduan kanggo Guru Basa Sunda

Gampil, sayogi di PENERBIT HUMANIORA
Jl. Kiliningan II No. 9 Buahbatu – Bandung 40264
Tel./Faks: 022-7303144

Jl cpt. Suzuki Shogun '03 Mls 1 tng Tel. 6029919

Inna lillahi wa inna ilaihi rojiun

Parantos mulih ka jati mulang ka asal,
Muchtar Ghozali bin Yakub,
Ping 20 April 2003.
Mugia Alloh ngahapunten kalepatanana,
Nampi amal ibadahna, janten umat ahli surga.

Nu dikoloman di luhur téh disebut iklan. **Iklan** ngandung harti wawaran pesenan pikeun ngarajong, ngolo jalma loba sangkan kataji ku barang atawa iasa nu ditawardeun atawa wawaran ka balaréa perkara barang atawa jasa nu dijual, dipasang dina *media massa*.

Iklan téh rupa-rupa, kayaning **iklan baris** (iklan *mini*, iklan nu ngan sababaraha jajar dina kolom iklan), **iklan berita** (iklan dina wangun berita), **iklan kuluarga** (iklan nu eusina warta kulawarga).

b. Wanda kalimah iangsung jeung kalimah henteu langsung

1) *Kalimah langsung*

"Para siswa, saha nu tos maos carita pantun?" Bapa Tata naros.
"Abdi, abdi kantos maos carita pantun *Lutung Kasarung*," ceuk Rani.
"Abdi mah maos carita pantun téh mung ringkesanna," tembai Rasi.

Kalimah di luhur kaasup conto wanda kalimah langsung. Kalimah langsung nya éta kalimah anu langsung diucapkeun ku panyaturna.

2) *Kalimah henteu langsung*

Bapa Tata naros yen saha para siswa nu tos maos pantun.
Rani ngajawab yen manchna kungsi maca carita pantun *Lutung Kasarung*.
Rasi riernbalan yin manehna kungsi maca ringkesan carita pantun.

Kalimah di luhur kaasup conto wanda kalimah henteu langsung. Kalimah henteu langsung nya éta kalimah anu henteu langsung diucap- keun ku panyaturna.

c. Kalimah sampurna jeung henteu sampurna

1) *Kalimah sampurna (mayor)*

a. *Kalimah mayor umum*

Para siswa / maos / carita pantun.
J/S C/P 0

Rani / nyieun / iklan.
J/S C?P 0

Bapa Drs. Tatang Saputra, S.Pd. / ngawulangkeun / Basa Sunda.
J/S C/P 0

Budak / ceurik.

J/S C/P

Keterangan:

J = jejer
C = caritaan
P = predikat
S = subjek
O = objek

Kalimah di luhur ditilik tina adegan *internal klaus*a nu jadi pangwa ngunna kaasup kalimah sampurna. Disebut kalimah sampurna pedal boga J (jejer) jeung C (caritaan). Kalimah nu di luhur téh disebut kalimat sampurna umum (normal). Pangna disebut umum lantaran susunar gramatikal fungtorna ngagunakeun susunan nu umum, nya éta J-C-C atawa J-C.

b. *Kalimah mayor husus (inversi)*

Maos / carita pantun / para siswa.

C/P O J/S

Henteu maca / carita pantun / siswa téh.

C/P O J/S

Kalimah di luhur ditilik tina adegan internal klausna nu jadi pangwangunna kaasup kalimah sampurna. Kalimah di luhur téh disebut kalimah sampurna *inversi* (husus). Pangna disebut inversi sabab susunan grama- tikal fungtorna ngagunakeun susunan husus, nya éta J dipiheulaan ku C.

2) *Kalimah henteu sampurna (minor)*

- Punten!
- Basa Sunda SLTP
- Ibu Romlah!
- Hirup katungkul ku pati paeh teu nyaho di mangsa.

Kalimah di luhur ditilik tina adegan internal klausna nu jadi pangwangunna kaasup kalimah teu sampurna (*minor*). Pangna disebut kalimah minor, lantaran teu ngandung jejer jeung caritaan.

Kalimah minor ngawéngku

- a. *salam:*
Assalamu'alaikum! Punten!
- b. *kalimah judul:*
Kamus Umum Basa Sunda
Basa Sunda SLTP
- c. *kalimah panggilan:*
Téh Sri Mulyani!
Pa Gandi!
- d. *kalimah paribasa:*
Jalma mah leutik ringkang gedé bugang

e. *kalimah anteuran:*

Euleuh!

Masya Alloh!

f. *kalimah felegram:*

Dra. Meita Tj., Wijayakusumah I/8 Purwakarta enggal mulih, pun aki teu damang repot. Drs. Maman Surachman, SLTP Cipeundeuy Bandung.

g. *kalimah moto/prinsip:*

Wani kana bener, sieun kana salah.

Jawab ieu soal ku cara nyakra aksara panuduh jawaban!

1. *Tengétan ieu iklan*

Inna lillahi wa inna ilaihi rojiun. Parantos mulih ka jati mulang ka asal, Muchtar Ghozali bin Yakub, ping 20 Agustus 1995. Mugia Alloh ngahapunten kaiepatanana, nampi amal ibadahna, janten umat ahli surga.

Eusi iklan di luhur kaasup iklan

- A. kulawarga
- B. niaga
- C. berita
- D. jasa

2. "Para siswa, saha nu tos maos carita pantun?" Ibu Nia Yusmaniar naros.

"Abdi, abdi kantos maos carita pantun *Lutung Kasaru~ig*," ceuk Rani.

"Abdi mah maos carita pantun téh mung ringkesanna," tembal Rasi.

Guneman di luhur ngagunakeun wanda kalimah

- A. sampurna
- B. teu sampurna
- C. langsung
- D. teu langsung

3. Bapa Suhenda ngawulangkeun Basa Sunda di SLTPN Cijambe.

Kalimah di luhur ditilik tina adegan intémaj klausa nu jadi pangwangunna kaasup

- A. kalimah sampurna husus
- B. kalimah sampurna umum
- C. kalimah sampurna inversi
- D. kalimah nu dimirnitian ku caritaan

Jawab ieu soal!

4. *Henteu maca carita pantun siswa tdh.*

Kalimah di luhur ditilik tina adegan internal klausa nu jadi pangwangunna kaasup kalimah ... sabab jejerna dipiheulaan ku caritaan.

5. Kalimah *salam*, kalimah *judul*, kalimah *panggilan*, kalimah *paribasa*, kalimah anteuran, kalimah telegram, jeung kaliinah moto/prinsip.

Kalimah kasebut ditilik tina adegan internal klausa nu jadi pangwangunna kaasup kalirnah... henteu sampurna (minor)

4. Gaya Basa Alégori jeung Sinékdoke

Tujuan:

6. Siswa mampu memahami dan menggunakan ungkapan kata.

a. Silib/sindir (*alégori*)

Conto:

- "Mugi *ditimbang-timbang deui* cariosan tadi téh bilih janten kaduhung," saur Ibu Erlina ka Ibu Ai Nurhayati.
Maksudna = omongan tadi ulah dipercaya.
- "*Abdi teu gaduh buku* Basa Sunda, *di sakola aya pesdreun,*"ceuk *Erus ka bapana.*
= Bapa, ménta duit keur meuli buku!
- "*Punten, abdi tulungan, peryogi artos* dua rebu rupia kanggo meser pulpen!" ceuk Déwi Sulastinah ka n« boga hutang.
= Hutang duit dua rebu perak téh geura bayar!
- "*Langkung ram0 kerja bakti sareng Pa Lurah mah,*" ceuk *Pa RT.*
= Ngajak Pa Lurah milu babarengan kerja bakti.

Conto di luhur kaasup gaya basa silib/sindir (alégon). Alégori (Yunani: *allegorein*) hartina nyarita ku sindir/silib, omongan anu malibir, henteu togmol, sangkan nu diomongan henteu kasigeung.

b. Raguman (sinékdoke)

Conto:

- *Urang Bandung nu jadi juara Liga Dunhill taun 1995 téh.*
Maksudna = lain sakumna urang Bandung, tapi Persib Bandung.
- *Sanggeus boga gawé manehna tara katempo irung-irungna acan.*
= lain irungna wungkul, tapi jalmana.

Conto di luhur kaasup conto gaya basa raguman (*sinékdoke*). Sinékdoke nya éta gaya basa nu nyebutkeun ngaran bagian nu dipaké pikeun gaganti ngaran kelompok, atawa ngaran kelompok nu dipakk pikeun gaganti ngaran bagian.

Sinékdoke dibagi dua, hurunan (*totém pro parte*) jeung tunggalan (*pars pro toto*). Conto di luhur, nu kahiji kaasup sinékdoke hurunan, nu kadua kaasup tunggalan.

1) Sinékdoke hurunan (*totém pro parte*)

Conto:

- Jawa Barat ngagondol tilu medali emas.
Maksudna = lain sakumna masarakat Jawa Barat, tapi ukur pamaen wungkul.
- Siswa SLTPN 2 pinunjul "Pasanggiri Pupuh sa-Jawa Barat".
= lain sakumna Siswa SLTPN 2, tapi salasa urang pamilon asal SLTPN 2.
- Urang Cidadap taun ieu naék haji.
= lain sakumna urang Cidadap, tapi salasaurang urang Cidadap.

- Usum hujan taun kamari *Jakarta* kakerem.
= lain sakumna Jakarta, tapi sawatara tempat wungkul.
- *Buah kalapa* dina tangkalna karolot.
= lain sakumna buah kalapa dina éta tangkal kolot, tapi sawatara buah kalapa, da dina éta tangkal kalapa téh aya cengkir jeung aya duwegan.
- *Putri Indonésia* geus sababaraha kali jadi juara badminton.
= lain sakumna putri Indonésia, tapi Susi Susasti salah saurang putri Indonésia.

Sinékdoke hurunan nya éta gaya basa nu nyebutkeun ngaran kelom- pok nu dipaké pikeun gaganti ngaran bagian.

2) *Sinékdoke tunggalan (pars pro toto)*

Conto:

- Ngalironan *artos sardbu rupia kana ratusan*.
= lain sarebu ditukeurkeun kana saratus rupia, tapi sarebu ditukeuran ku sapuluh duit ratusan.
- Ti basisir ketempo *ratusan layar* minuhan Palabuanratu.
= lain layar wungkul tapi jeung parahuna nu minuhan téh.
- Warga masarakat pada kabagean daging qurban *saciwit* sewang.
= lain saciwit, tapi sakantong, mungkin aya kana ratusna ciwit.
- Waktu sholat Id di lapang, lapang pinuh ku *sirah jalma*.
= lain pinuh ku sirah wungkul, tapi pinuh ku jalma.
- Gedong perpustakaan pinuh ku *buku*.
= lain pinuh ku buku wungkul, tapi kaasup tempat buku, jeung tempat maca.
- Tentara baris beres *makd baju* seragam.
= lain baju baé nu seragam téh, tapi sakumna pakéan jeung rangsel nu seragam téh.

Sinékdoke tunggalan nya éta gaya basa nu nyebutkeun ngaran bagian nu dipaké pikeun gaganti ngaran kelompok.

Jawab ieu soal ku cara nyakra aksara panuduh jawaban!

1. Mugi *ditimbang-timbang deui* usulan tadi téh bilih janten kaduhung," saur Ibu Ilah Rohilah ka Ibu Lilis Yuniarningsih.
Maksud gaya basa alégori bieu
 - omongan tadi ulah dipercaya
 - caritaan perlu diitung-itung
 - kaduhung pedah usul
 - usulan téh alus pisan
2. "*Tulungan, peryogi artos* lima rebu rupia kanggo mayar buku!" kitu nu kedal ti Pa Nana Sutisna ka nu boga hutang.
Maksud gaya basa alegori
 - nu boga hutang kudu nginjeuman duit.
 - hutang duit lima rebu perak téh geura bayar!

- C. Pa Nana Sutisna meser buku kudu dibayar.
 - D. Pa Nana Sutisna perlu duit lima rebu iupia.
3. Gaya basa turunan (*totem pro parte*) jeung tunggalan (pars *pro toto*) kaasup kana gaya basa
- A. raguman (*sinékdoke*)
 - C. alegori
 - B. pléonasmé
 - D. personifikasi

Jawab ieu soal!

4. *Jawa Barat ngagondol tilu medali emas.*
(Maksudna lain sakumna masarakat Jawa Barat, tapi ukur pamaen wungkul). Gaya basa anu model kitu disebut sinékdoke....
5. *Ti basisir ketempo ratusan layar minuhan Palabuanratu.*
(Maksudna lain layar wungkul tapi jeung parahuna nu minuhan téh). Gaya basa anu model kitu disebut sinékdoke....